

## FÒM ENSKRIPSYON PASYAN AN

### BYENVENI NAN CHI MEZON MEDIKAL OU

Nan non Konsèy Administrasyon an, Prezidan/Direktè Jeneral ak Estaf Community Health of South Florida, Inc (CHI), nou akeyi ou nan kay Medikal ou. Objektif nou se bay bon jan swen ki pral depase atant ou.

Kounye a, kèk bagay ou ka bezwen konnen sou CHI. CHI te etabli nan lane 1971 pou reponn ak bezwen swen sante nan kominote nou an. Komisyon Miks la akredite nou, menm ajans akreditasyon ki akredite lopital yo, ak angaje nan bay bonjan kalite swen siperyè, ak aksesib pou tout moun, ki gen ladan moun ki gen asirans, moun ki san asirans oswa sou asire. Nou te grandi vin yon gwo òganizasyon pandan ane sa yo ak plis pase 600 anplwaye, 60 Pratikan ak plis pase 35 sit.

Pou ede nou bay pi bon swen posib epi ki san danje pou ou, nou ta renmen ou konnen enfòmasyon sa yo sou Mezon Medikal ou a ansanm ak kèk konsèy sekirite ki itil.

### MEZON MEDIKAL

Yon Mezon Medikal se yon modèl pou bay swen sante kote ou gen yon relasyon pèsonèl ak Ekip Swen ou an nan etablisman swen sante nou an. Ekip Swen ou an gen ladan Doktè oswa Pratikan Swen Sante a, Estaf Enfimyè, Espesyalis Sèvis Finansye Pasyan yo ak Kowòdonatè Swen yo. Anplisdesa, lòt pwofesyonèl swen sante CHI yo ka sipòte Ekip Swen ou an, tankou nitrisyonis, famasyon, travayè sosyal, oswa moun ki fè terapi. Objektif ekip sa a se pou fè patenarya avèk ou nan jere ak fasilite tout bezwen swen sante ou yo, kidonk bati yon relasyon avèk ou ak kenbe ou kòm yon pasyan. Nan Mezon Medikal ou an ou ka espere bagay sa yo:

11. Ou ka chwazi oswa yo ka voye w al jwenn youn nan doktè nou yo, Pratikan swen sante ak ekip swen yo a. Pou chwazi yon Pratikan, kite anplwaye nou yo konnen ki doktè ou vle wè lè w rive oswa nenpòt ki lè pandan swen w lan. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou doktè nou yo anvan vizit ou a, tanpri ale sou sit entènèt nou an: [www.chisouthfl.org](http://www.chisouthfl.org).
12. Nou pral fè tout efò posib pou asire nou Ekip Swen nou voye w bay la satisfè tout randevou ou yo ak bezwen swen yo. N ap bezwen èd ou isit la. Tanpri planifye tout randevou ou yo ak menm Ekip la epi mande pou wè yo menm lè ou vini san randevou. Ou sètènman ka pran yon randevou ak yon Ekip Swen diferan si ou vle.
13. Ekip Swen an responsab pou vizit ou yo, rekòmandasyon bay espesyalis ak pou tès, preskripsyon renouvèlman medikaman, repons a kesyon ou yo ak ranpli fòm yo.
14. Pou pran yon randevou ak Ekip Swen ou an, rele nan 305-252-4820 pandan lè biwo nòmal, oswa ou ka kite yon mesaj ak Sèvis Repons apre lè nou an, wikenn ak jou ferye. Anplwaye yo ap retounen rele ou nan pwochen jou ouvrab la pou pran randevou a. Ou ka pran yon randevou tou nan demen oswa yon randevou nan menm jou a ak founisè w la.
15. Ou ka rele nou 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou tout enkyetid oswa pwoblèm swen ou ka genyen, pou demann preskripsyon, ak pou demann randevou ijan, lè w rele sit prensipal ou, oswa lè ou rele nan 305-253-5100 apre lè biwo yo fèmen. Ou ka kontakte nou sou sit entènèt nou an tou

([www.chisouthfl.org](http://www.chisouthfl.org)) pou demann ki pa ijan. W ap konekte ak Ekip Swen ou an oswa ak yon lòt nan Praktisyen ekselan nou yo k ap kouvri pou nou.

16. Ou ka gen kèk pwoblèm oswa enkyetid nou ka pa kapab rezoud nan CHI. Pou asire nou reponn ak tout bezwen swen ou yo, nou ka

detanzantan bezwen refere ou yon lòt kote pou wè Espesyalis oswa pou tès ak pwosedi yo. Nou vize pou trete tout referans woutin bay Espesyalis yo ak pwosedi nan lesplas 7 jou travay. Si ou pa resevwa okenn enfòmasyon sou yon rekòmandasyon nan 2 semèn oplita, tanpri kontakte nou nan 305-278-6427. Yo trete rekòmandasyon ijan yo nan mwens pase 3 jou. Li enpòtan pou asire w ou fè swivi avèk nou apre tout rekòmandasyon ou yo. Si nou pa t diskite espesyalman sou rezilta rekòmandasyon ou an avèk ou ak yon plan swen pou sa, tanpri pa sipoze rezilta yo te nòmal.

17. Epitou Ekip Swen ou an pral responsab pou fè kòmman tès laboratwa ak renouvèlman medikaman. Yon fwa ankò, tanpri pa sipoze rezilta yo nòmal, sof si ou te diskite yo avèk nou.

18. Nou fè tout efò posib pou angaje ou menm ak fanmi ou oswa lòt moun enpòtan nan swen ou a ak desizyon swen ou yo ak nan devlopman nan plan tretman ou an.

19. Nou gen anplwaye ki pale plizyè lang epi ki gen bon jan eksperyans ak diferan kilti. Epitou nou gen aksè ak lòt moun ki ka ede nou ak sèvis tradiksyon pwofesyonèl si okenn nan nou pa ka pale oswa konprann lang ou an.

#### KONSÈY SEKIRITE

Sante ak sekirite ou trè enpòtan pou nou. Oumenm, kòm pasyan an, ka jwe yon wòl pou ede asire sekirite swen ou an lè ou patisipe aktivman nan swen ou.

Nou vle ou santi ou alèz pou fè tout bagay ki annapre yo:

10. Asire w anplwaye nou yo gen nimewo telefòn ak adrès egzat ou pou nou ka jwenn ou lè gen yon ijans, tankou, lè ou gen rezilta tès ki pa nòmal nou dwe rezoud anvan pwochen vizit ou a.

11. Asire w doktè yo ak estaf enfimyè a konfime idantite w lè yo sèvi avèk de (2) idantifyan diferan, sa vle di ... Non ou ak dat nesans ou lè yo rankontre ou ak anvan yo ba ou nenpòt tretman oswa fè yon tès oswa pwosedi. Ou ka te yon pasyan nou pandan anpil ane, men li enpòtan pou nou konfime idantite ou pandan vizit ou a.

12. Pa ezite di yon manm nan anplwaye nou yo sa si ou panse li konfonn ou ak yon lòt pasyan.

13. Li avèk atansyon tout fòm ak fèy pou bay konsantman pou pwosedi chirijikal epi asire w ou konprann yo anvan ou siyen. Si ou pa konprann, mande doktè w la oswa yon manm nan anplwaye nou yo pou yo eksplike w yo.

14. Atann ou anplwaye klinik nou yo ap lave men yo. Mete w alèz pou mande yo ki dènye fwa yo te lave men yo.

15. Tanpri, bannou nenpòt oswa tout enfòmasyon ki nesèsè pou ede nou ba ou pi bon swen. Pou egzanp, tanpri asire w ou ba nou antesedan (istwa) pèsònèl ak familyal ki konplè ak egzat, ansanm ak non tout medikaman yo te preskri w oswa san preskripsyon ou pran.

16. Poze nou kesyon sou dyagnostik ou yo ak tretman planifye oswa pwosedi chirijikal yo. Si yo pa ba ou enfòmasyon alekri epi ou ta renmen kèk, tanpri mande.

17. Mande pou ki bi yo ba ou nenpòt medikaman oswa preskripsyon, ansanm ak efè segondè posib. Asire w ou gen lis medikaman ki pi resan an. Si ou pa genyen l, tanpri mande nou.

18. Anvan ou kite biwo nou an, asire w ou konprann tout enstriksyon nou yo epi asire w ou te pran randevou swivi ou an oswa konnen ki lè doktè w la espere wè ou yon lòt lè.

Tanpri PALE si w genyen kesyon oswa enkyetid. Si ou pa konprann, mande ankò. Ou pa bezwen pè poze kesyon sou sekirite. Di nenpòt manm ekip nou an sa si yon bagay sanble pa kòrèk. Si yo pa rezoud enkyetid ou yo, tanpri mande pou pale ak yon Defansè Pasyan, yon moun nan administrasyon an oswa ou ka rele nan 305 252 4853. Kòm yon òganizasyon ki akredite, nou oblije enfòme w ou ka kontakte Komisyon Miks lan tou si nou pa byen rezoud enkyetid sekirite ou yo.